



Finansman ki pi Vize Bezwen Elèv nou yo

Chè Nouyòkè,

Se pa ti kontan mwen kontan konsènan pwogrè nou ka fè pou elèv nou yo lè nou travay an patenarya avèk fanmi ak kominote yo. Yon bèl egzansp se dènye pwopozisyon nou an pou amelyore finansman lokal prensipal pou lekòl nou yo, ki rele Fòmil Finansman Sanpatipri Elèv (Fair Student Funding, FSF).

Lajan FSF finance anmwayèn, apeprè de tyè nan bidjè lekòl nou yo, epi li baze sou kantite elèv ki enskri nan chak lekòl ak bezwen espesifik elèv yo. Li pran bezwen elèv yo an konsiderasyon entansyonèlman, "ekilibre" bezwen elèv pou detèmine konbyen lajan chak lekòl nesosite pou sèvi elèv li yo avèk efikasite.

Ane pase, mwen te konvoke Gwoup travay FSF la pou egzamine fòmil la epi fè rekòmandasyon sou fason pou amelyore li. Gwoup la te pibliye rapò li an novanm 2022, epi semèn pase a Majistra Adams ak mwenmenm te anonse amelyorasyon yo pwopoze yo, avèk yon fokus sou ekite epi yo oryante investisman sou bezwen elèv nou yo.

Sa yo se chanjman ki pi enpòtan nou pwopoze:

- **Yon alokasyon anplis pou elèv ki nan lojman tanporè** pou lekòl ki resevwa elèv sa yo, ladan dènye elèv ki fèk ap chèche azil yo. Sa a se yon chanjman sanpresedan nan fason lekòl yo itilize resous pou elèv lekòl leta. Chanjman sa a sipoze pote apeprè \$45 milyon dola nan finansman ki gen enpak sou elèv ki nan lojman tanporè nan tout senk borough yo.
- **Yon alokasyon anplis pou lekòl kote ki gen pi gwo konsantrasyon elèv ki gen bezwen espesyal**, ladan elèv ki nan povrete, elèv ki gen andikap, ak elèv k ap aprann lang anglè. Sa ta dwe pote plis pase \$45 milyon dola nan finansman pou lekòl nan senk borough yo.
- **Yon angajman pou asire pwosesis kontestasyon bidjè a reponn avèk bezwen pwogram edikasyon espesyal.** Nou pral redefini pwosesis lekòl yo suiv pou mande finansman anplis pou nou ka bay priyorite nan investisman pou anplwaye, yon fason pou pèmèt elèv ki gen andikap aprann nan yon anviwònman edikasyon jeneral.
- **Amelyore transparans nan bidjè nou an ak pwosesis bidjè.** Nou resevwa kòmantè ki fè konnen se pa sèlman FSF, men tou bidjè nou an ak pwosesis bidjè nou an pa aksesib epi yo difisil pou konprann. Mwen te mande ekip mwen an pou yo travay sou transparans epi bay plis enfòmasyon nan divès fason.

Chanjman sa yo se yon lòt fason n ap travay pou fè kominote ak fanmi yo vin bonjan patnè nou—epi bay bezwen elèv nou yo priyorite. Epi mwen vle asire ke chanjman yo pwopoze yo pa pral diminye lòt alokasyon nan fòmil FSF la.

Mwen gen anpil rekonesans anvè Gwoup travay FSF la pou atansyon ak devouman yo pou gwo efò enpòtan sa a, epi mwen ta renmen remèsye ko-prezidan Dia Bryant ak Jasmine Gripper.

Rekòmandasyon sa yo mete nou pi pre pou kreye yon sistèm lekòl k ap mete tout elèv yo sou chemen avni briyan—lè nou asire nou itilize finansman nou an nan fason k ap gen pi gwo enpak la kote ki gen pi plis bezwen an.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).